

12yèm  
Ane

# Preparasyon pou Kolèj ak Siksè Apre Lekòl Segondè Lekti Paran Yo

Li pa janm twò  
bonè yo kòmanse  
reflechi sou lavni  
an

Si pitit ou a reve pou l ale nan kolèj, ou kapab ede fè rèv sa a vin yon realite. Si ou pa sèten kijan pou fè sa, ou kapab itilize pwèn ki nan lis la pou ede pitit ou a rete sou bon vwa pou reyalize objektif akademik li.

Septanm



Angaje avèk ou  
elèv sou yo  
pwogrè akademik!

## Fè yon plan pou apre lekòl segondè ✓

- Ede elèv la kreye yon lis twa karyè ki enterese l yo.
- Revize opsyon pou kolèj ak kritè ki pi enpòtan yo anmenmtan avèk pri pou chak kolèj.
- Koupe lis kolèj yo pou pran senk kou ki pi enterese l yo ak dat limit yo.

## Mete anfaz sou enpòtans rete sou bòn vwa ✓

- Fè elèv la revize relvednòt yo avèk konseye akademik yo pou detèmine kou ki koresponn ak sa l bezwen pou l aplike pou kolèj.

## Ede yo efase aksyon yo sou entènèt ✓

- Ede elèv la kreye yon adrès imèl pwofesyonèl.
- Egzamine epi ajiste pwofil pèsònèl yo nan kont medya sosyal yo si sa nesesè.

## Eksplòre fason pou peye pou kolèj ✓

- Eksplòre èd finansye ak bousdetid epi fè yon lis enfòmasyon sou dat limit yo.
- Kreye yon ID Èd Finansye Federal (FSA) pou kapab pare pou aplike pou FAFSA lè li ouvè nan dat premye oktòb.
- Chèche konnen ki dokiman finansye ou pral bezwen epi pare l pou aplike pou èd finansye.

## Enskri pou pran ACT oswa SAT ✓

- Fè elèv la enskri pou ACT oswa SAT si yo poko pran li oswa yo vle rebran li.
- Prepare elèv la avèk tès pratik pou ACT oswa SAT gratis ki disponib sou entènèt.

## Veye sitiyasyon ki kapab espesifik pou elèv ou a ✓

- Si elèv la enterese nan boza, lame oswa espò nan kolèj, siveye dat limit yo ak kondisyon espesyal pwogram sa yo mande.
- Si elèv ou pa genyen dokiman legal, tcheke elijiblite li pou pri kou yo nan kolèj kominotè piblik ak inivèsite, anmenmtan avèk èd finansye eta a.

## Veye pou sitiyasyon ki espesifik pou elèv la (suit) ✓

- ( ) Si elèv la se yon gason, li dwe enskri nan *Selective Service* nan yon peryòd 30 jou (avan oswa apre) li gen 18 an. Si li pa enskri, li p ap elijib pou èd finansye federal pou kolèj.
- ( ) Si elèv la genyen lòt sikonstans espesyal, tankou se yon timoun yo adopte, ki pa genyen kay, yon adolesan ki paran ak/oswa ki andikape, pale avèk yon adilt ou fè konfyans oswa yon reprezantan kolèj pou eksplore resous espesifik ak sipò pou sitiyasyon li a.



## Ede elèv la prepare aplikasyon pou kolèj yo ✓

- ( ) Fè elèv la dokimante reyalyasyon li epi fè yon echantiyon kourikoulòm-vite.
- ( ) Ankouraje l pratike disètasyon kolèj ak disètasyon pou bousdetid
- ( ) Ede l redui lis kolèj, ale nan ekspozisyon kolèj epi jwenn kòmantè lòt elèv sou entènèt.
- ( ) Ranpli epi konplete FAFSA (*Free Application for Federal Student Aid*) (Aplikasyon pou Èd Federal Gratis)
- ( ) Ede elèv la detèmine kimoun pou l mande lèt rekòmasyon epi bayo kont tan pou yo ekri yo.
- ( ) Fè elèv la pran oswa regran SAT oswa ACT.



## Ede elèv la PARE ✓

- ( ) Finalize lis kolèj epi fè sèten ou ajoute l nan aplikasyon FAFSA a. 3-5 se yon bon kantite.
- ( ) Kontinye vizite kolèj epi ale nan ekspozisyon kolèj yo.
- ( ) Tcheke dat limit yo epi rasanble tout enfòmasyon ki nesèsè pou l aplike pou kolèj, bousdetid ak FAFSA si li poko fè sa deja.
- ( ) Fè elèv la APLIKE!
- ( ) Fè suivi. Fè sèten elèv la voye relvednòt, nòt SAT oswa ACT li, lèt rekòmasyon ak lòt materyèl siplemantè bay kolèj yo.
- ( ) Tcheke imèl li regilyèman- se mwayen prensipal kolèj pral itilize pou kontakte li!



Nòt:

---

---

---

---

---

---

---

---

